

Office of the Superintendent
Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools
Broward County Public Schools
600 SE Third Avenue
Fort Lauderdale, FL 33301
phone: 754-321-2600 • fax: 754-321-2701
superintendent@browardschools.com
www.browardschools.com

**The School Board of
Broward County, Florida**

Sarah Leonardi, Chair
Dr. Jeff Holness, Vice Chair

Lori Alhadeff
Maura McCarthy Bulman
Adam Cervera, Esq.
Debra Hixon
Nora Rupert
Rebecca Thompson
Dr. Allen Zeman

Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools

12 Janvyè, 2026

Elèv, fanmi, anplwaye ak kominote Lekòl Piblik Broward County,

Le **Vandredi, 13 Fevriye, 2026**, Lekòl Piblik Broward County ap obsève yon Jounen Sèvis ak Amou (A Day of Service and Love) pou onore memwa 17 moun ki te pèdi lavi yo yon fason trajik, epitou rekonèt tout moun ki te blese oswa sibi domaj le 14 Fevriye, 2018, nan lekòl segondè Marjory Stoneman Douglas High School. Memwa yo rete nan kè nou epi gide angajman nou vizavi souvni, gerizon ak linite:

Alyssa Alhadeff
Scott Beigel
Martin Duque Anguiano
Nicholas Dworet
Aaron Feis
Jaime Guttenberg
Christopher Hixon
Luke Hoyer
Cara Loughran
Gina Montalto
Joaquin Oliver
Alaina Petty
Meadow Pollack
Helena Ramsay
Alex Schachter
Carmen Schentrup
Peter Wang

Jou sa sèvi kòm yon rapèl pisan fòs, rezilyans ak konpasyon ki ini kominote nou. Jou sa menm, **a 10:17 a.m.**, tapan, elèv ak anplwaye atravè Distri a ap pran yon pòz pou yon moman silans epi onore tout moun trajedi sa te afekte. Tout lekòl yo ap patisipe nan aktivite ak pwòje sèvis òganize pou repann jantiyès, devlope koneksyon epi afime eritaj andirans moun nou te pèdi.

Pou asiste paran, gadyen ak pèsonèl swayan, ki ta vle pale ak timoun yo de evènman sa epi ede elèv yo jere emosyon yo nan moman sa, divès resous disponib pou Jounen Sèvis ak Amou sou paj web: browardschools.com/serviceandlove. Vizite paj web la; wap jwenn bonjan konsèy sou fason diskite nan konvèsasyon kesyon dèy, lapenn ak gerizon. Epitou gade enfòmasyon sèvis sante mantal pou tout moun ki bezwen sipò.

Nan okazyon Jounen Sèvis ak Amou nou pataje yon souvni sensè epitou nap lanse yon apèl alaksyon bati avni fonde sou konpasyon, konpreyansyon epi lespwa.

Mèsi pou kolaborasyon kontini ou pandan nap travay ansanm pou asire lekòl nou yo rete an sekirite, ofri anviwonman sipòtan pou tout elèv ak anplwaye.

Avèk yon refleksyon sensè,



Dr. Howard Hepburn
Superintendent of Schools